




95 EXPRESS



Limyè wouj sou ranp yo

Depatman Transpò Florid (The Florida Department of Transportation - FDOT) pral antre nan Faz 1A pwogram enstalasyon limyè wouj sou ranp antre sou I-95 yo (gade kat wout la), soti depi 'NW 62nd Street' ale nan direksyon nò rive nan Goldenn Gled. Yap aktive' signal yo apre pwogram Espres 95 la Kòmanse.

Limyè wouj sou ranp yo se yo k ap kontwole kantite machin k ap moute sou gran wout la. Limyè wouj sa yo pral amelyore jan sikilasyon an ap woule sou gran wout la nan fason yo kontwole blokis ki fèt akòz valè machin k ap antre sou ranp yo al sou gran wout la. Sou I-95 lan, limyè wouj sou ranp yo pral fè sa pi fasil pou chofè antre nan sikilasyon an, y ap asire kantite machin k ap antre sou ranp yo pa depase valè espas ki genyen pou machin antre nan sikilasyon an. Limyè wouj sou ranp yo ap anpeche vin gen twòp machin nan chak liy sou I-95 lan.

Kwak limyè wouj sou ranp yo se pa yon solisyon pou tout blokis, se youn nan plizyè estrateji yo deja eseye, ki mache byen epi ki pa koute twòp lajan. Se youn nan plizyè estrateji sa yo y ap mete sou pye nan Sid Florid pou ede diminye blokis, ogmante vitès sikilasyon machin epi amelyore kantite tan moun kab pase lè y ap kondi sou gran wout la.

Avantaj limyè wouj sou ranp yo

- Diminye blokis sou gran wout la
- Diminye kantite tan moun pase ap kondi
- Diminye kantite gaz moun boule
- Fè sikilasyon machin woule ak yon vitès ki pa chanje
- Pèmèt plis machin pase sou gran wout la (lè sikilasyon an woule a yon vitès ki pa chanje)
- Ogmante vitès sikilasyon an
- Redui aksidan machin k ap frape lòt pa dèyè ak machin k ap fwote ak lòt machin – anpil fwa se aksidan ki fèt lè machin ap antre sou gran wout la

Kouman limyè wouj sou ranp yo mache?

Limyè wouj sou ranp yo chanje ant limyè wouj ak limyè vèt. Chofè dwe tann yon limyè vèt anvan yo moute sou gran wout la. Limyè wouj la tounen limyè vèt pou kontinye kite machin antre sou gran wout la.

Gen detektè sikilasyon k ap mezire vitès sikilasyon an ak kantite machin ki sou gran wout la epi tou yo mezire kantite machin k ap tann sou ranp yo pou antre nan sikilasyon an. Kote yo kontwole enfòmasyon sa a rele Songayd "SunGuide Transportation Management Center (TMC)" se la yo kalkile konbyen machin ki kab antre sou I-95 lan san pwoblèm epi san danje. Kèk chofè kab ret tann bon moman anvan yo antre sou gran wout la. Men, sikilasyon an pral woule pi swa epi vitès la pral ogmante. Kon sa, sa ap pèmèt twaka moun pase mwens tan sou wout la.

